

SENK POU REYISI

Senk Pwen Kle

1. Nou pwodui twòp fatra epi espas pou jete li ap fini.

- Nou pwodui apeprè **20,000 liv fatra PA MINIT** nan Konte Broward.
- Enstalasyon transfòmasyon fatra an enèji a, yo rele tou boule fatra ki pa resiklabl, deja rive nan kapasite li, epi depo fatra nan konte a ap pwoche limit li.
- Lè ou mete fatra ou sou twotwa a pou ranmase, li pa disparèt konsa; li dwe ale yon kote.

2. Nou pa ka pèmèt nou tann.

- Retade aksyon ap sèlman ogmante depans yo.
- Otorite a ka reyalize ekonomi echèl epi asire pi bon valè pou jere fatra nou, pandan l ap pwoteje kominote nou yo kont monte nivo lanmè ak inondasyon.

3. Plis moun = plis fatra.

- Yo prevwa apeprè 235,000 nouvo rezidan pa ane 2040.
- Nou dwe aji kounye a pou kenbe kominote nou yo pwòp ak an sante pou tèt nou, pitit nou yo, ak pitit pitit nou yo.

4. Fatra gen valè.

- Avèk pwogram ki prezante nan Plan Direktè a, nou ka rekipere apeprè 75% fatra ki gen valè nou ap voye nan depo fatra ak enstalasyon transfòmasyon an enèji.
- Materyèl tankou bwa, beton, metal, ak fatra manje ka benefisye kominote lokal nou yo (panse a nouvo payaj pou pak nou yo!) epi kreye travay lokal.

5. Nou dwe travay ansanm.

- Pwoblèm sa a twò gwo pou yon sèl vil oswa Konte a rezoud pou kont li.
- Ansanm, nou ka senplifye operasyon yo, etabli pwogram ki konsistan pou rezidan ak biznis atravè tout konte a, jwenn pi bon solisyon an tèm de valè, epi estabilize depans yo sou tan.